



ANKÈT SOU ADMINISTRASYON ELEKSYON AK VÒT POU ANE 2020 RAPÒ KONPLÈ

YON RAPÒ KI SOTI NAN
KOMISYON ASISTANS ELEKTORAL NAN ETAZINI
POU ALE JWENN 117ÈM KONGRÈ A



Rezime Jeneral

Depi ane 2004, Komisyon Asistans Elektoral nan Etazini an (Election Assistance Commission, EAC) te reyalize Ankèt Sou Administrasyon Eleksyon ak Vòt la (Election Administration and Voting Survey, EAVS) apre chak eleksyon jeneral federal. EAVS mande tout 50 eta ameriken yo, Distri Columbia, ak senk teritwa ameriken yo—American Samoa, Guam, Northern Mariana Islands, Puerto Rico, ak Virgin Islands—pou bay done sou fason Ameriken yo vote epi fason yo òganize eleksyon yo. Depi ane 2008, pwojè sa a te gen ladan yon ankèt ki apa, Ankèt sou Règleman Administrasyon Eleksyon an (Ankèt sou Règleman yo, Policy Survey), ki kolekte enfòmasyon sou lwa, règleman, ak pratik elektoral eta yo.

EAVS se sous ki pi konplè nan bay done ki konsène administrasyon eleksyon yo nan eta ak jiridiksyon lokal yo, etan nan Etazini. Done sa yo jwe yon wòl enpòtan nan ede responsab elektoral yo, lejislasyon yo, ak lòt moun ki gen enterè nan eleksyon yo, idantifye tandans yo, prevwa epi reponn ak bezwen elektè yo k ap chanje tanzantan, envesti plis resous nan lide pou amelyore administrasyon eleksyon an epi eksperyans elektè a, epi pi byen sekirize enfrastrikti elektoral ameriken an. Done EAVS yo fè li posib pou egzamine detay enfrastrikti elektoral ameriken an epi pou pwodwi yon konpreyansyon global sou aspè esansyèl pwosesis elektoral la epi yon seri defi ki gen rapò ak jesyon ke responsab elektoral yo ap fè fas. Chak de (2) lane, ankèt la bay lejislasyon yo ak piblik la yon seri enfòmasyon ki kritik fas ak fason eleksyon federal yo ap fèt, epi li ede EAC byen ranpli obligasyon li genyen nan zafè rapò ke Kongrè a egzije l bay la. Epitou, EAVS gen yon valè ki san parèy pou responsab elektoral k ap itilize done yo nan lide pou jere sipèvizyon eleksyon yo, pou fè analiz pwoblèm yo ak fè planifikasyon estratejik, epi kreye materyèl pou fòmasyon ak materyèl pou fè pwomosyon. Epitou, EAC itilize done EAVS yo pou kreye resous echanj nan lide pou fè misyon ajans lan avanse epi pou pi byen sipòte responsab elektoral yo ak elektè yo, ni pou enfòmasyon lejislasyon yo ak moun ki gen enterè nan nivo nasyonal, konsènan enpak lwa federal yo genyen sou vòt la epi fason eleksyon ameriken yo ap chanje.

Pandemi COVID-19 la te afekte eleksyon jeneral ane 2020 an anpil. Pandemi an ak ijans sante piblik ki te vini apre a, te oblije yon seri chanjman fèt nan pratik eleksyon ki te egziste deja yo, yon fason pou sonje distans sosyal la epi pou ralanti pwopagasyon viris la nan mitan elektè yo, travayè nan biwo vòt yo, ak responsab elektoral yo epi manm pèsònèl elektoral la. Kòm repons, anpil eta te pran mezi pou elaji posiblite pou vote an pèsòn anvan Jou Eleksyon an epi vote pa lapòs. Akòz li gen estati ankèt ki pi konplè nan administrasyon eleksyon nan Etazini, EAVS 2020 an sèvi kòm dosye efò ekstrawòdinè ke responsab elektoral yo ak travayè nan biwo vòt yo ap fè nan peyi a, yon fason pou asire ke eleksyon jeneral ane 2020 an te ka fèt yon fason ki san danje epi ki sekirize. Pou rezon sa a, EAC kontan prezante bay 117yèm Kongrè a, rapò li genyen sou EAVS 2020 an.

Rapò sa a dekri an detay fason eleksyon jeneral federal 2020 an te òganize epi fason elektè yo te vote. Done ki soti nan EAVS epi ki akonpanye Ankèt sou Règleman Administrasyon Eleksyon an (Ankèt sou Règleman yo), yo te itilize yo pou bay yon apèsi sou chak aspè ki genyen nan pwosesis elektoral la:

- To patisipasyon, metòd pou vote, biwo vòt yo, travayè nan biwo vòt yo, ak teknoloji elektoral la, yo pale de yo nan Chapit 1 an, "Apèsi sou Administrasyon Eleksyon ak Vòt pandan Eleksyon Jeneral ane 2020 an";



- Lwa kle yo, règ yo, règleman yo, ak pwosedi ki dirije eleksyon ameriken yo, yo pale de yo nan Chapit 2 a, "Lwa ak Pwosedi Elektoral: Ankèt sou Règleman yo";
- Enskripsyon elektè yo ak antreten lis yo, yo pale de yo nan Chapit 3 a, "Enskripsyon Elektè yo: NVRA a ak Plis Ankèt";
- Vòt moun ki kouvri anba Lwa pou Vòt Militè ak Sitwayen Absan ki Aletranje yo (Uniformed and Overseas Citizens Absentee Voting Act, UOCAVA), byen dekri nan Chapit 4 la, "Vòt Militè ak Vòt Sitwayen Ki Aletranje yo nan ane 2020: UOCAVA"; epi
- Finalman, yo pale sou metodoloji EAVS la ak yon deskripsyon ki konsène kesyon ki nan ankèt la nan Chapit 5 lan, "Metodoloji ak Pwosedi pou Ankèt la."

Konklizyon Sou Vòt ak Administrasyon Eleksyon

EAVS 2020 an konfime ke eleksyon jeneral ane 2020 an te genyen yon to patisipasyon ki pi wo pase nenpòt lòt eleksyon jeneral federal ke EAVS te anrejistre jiska prezan, avèk yon pousantaj 67.7% pami gwoup sitwayen ki gen laj pou vote yo (Citizen Voting Age Population, CVAP), yo te vote epi vòt yo a te konte, gen yon ogmantasyon nan pousantaj pwèn an ki se 6.7 fas ak ane 2016 la. Prèske chak eta te genyen yon ogmantasyon nan to patisipasyon an ki diferan ak EAVS 2016 la. Anplis de sa, plis pase 209 milyon moun se te elektè aktif ki enskri pou eleksyon jeneral ane 2020 an yo te ye, sa ki vin reprezante yon rekò san parèy, epi plis pase 161 milyon elektè te vote epi yo te konte vòt yo a pou eleksyon sa a.

Epitou, eleksyon sa a te genyen bonjan chanjman nan fason elektè yo te vote. Nan EAVS 2016 la, 54.5% nan elektè yo te vote an pèsòn nan Jou Eleksyon an, epi nan EAVS 2018 la, se sèlman 58.2% nan elektè yo ki te fè sa. Nan ane 2020, se sèlman 30.5% nan elektè yo ki te vote an pèsòn nan Jou Eleksyon an. Pousantaj moun ki te vote pa lapòs yo te ogmante a 43.1% nan kantite moun ki te vote yo, te prèske gen yon ogmantasyon nan pousantaj pwèn an ki se 20, fas ak ane 2016 la. Analiz nan nivo jiridiksyon yo montre ke pi gwo ogmantasyon pousantaj vòt pa lapòs yo te fèt nan jiridiksyon eta ki fenk mete zafè eleksyon pa lapòs la nan ane 2020 an ak nan jiridiksyon eta ki retire kondisyon pou bay yon rezon valab pou ka fè demann yon bilten vòt pa lapòs. Malgre kantite total bilten vòt yo te voye nan ane 2020 an te plis pase de (2) fwa kantite yo te voye nan ane 2016 la, pousantaj bilten vòt elektè yo te voye tounen yo, epi yo te konte yo, ak sa yo te rejte yo, pa t gen gwo chanjman nan nivo nasyonal la.

Eta yo rapòte genyen 132,556 biwo vòt, ladan yo genyen 775,101 travayè nan biwo vòt k ap ede elektè yo vote an pèsòn Jou Eleksyon an epi yo ede elektè k ap fè vòt bonè yo. Epitou, done yo montre yon chanjman nan distribisyon ki fèt dapre laj travayè nan biwo vòt yo, kote pousantaj travayè nan biwo vòt ki gen 18 lane pou rive 25 lane epi 26 lane pou rive 40 lane yo vin ogmante a 6.2% epi 15.0%, youn apre lòt, kote pousantaj travayè nan biwo vòt ki gen 61 lane pou rive 70 lane epi 71 lane ak pi plis yo vin diminye a 27.3% ak 20.1%, youn apre lòt. Epitou, jiridiksyon yo fè konnen rekritman travayè nan biwo vòt yo te mwens difisil nan ane 2020 an pase jan li te ye nan ane 2016 la. Nan kòmantè ankèt la, anpil jiridiksyon te pale sou efè chemen difisil yo konsènan efò rekritman yo a. Jiridiksyon yo fè konnen pandemi COVID-19 la te fè li difisil anpil pou kenbe granmoun ki se travayè nan biwo vòt yo nan pès yo epi sa vin lakoz manke travayè nan biwo vòt yo lè yo vin gen bezwen yo, men efò EAC yo, efò biwo elektoral eta yo, ak efò lòt òganizasyon yo ap fè pou ankouraje moun ki kalifye vin sèvi kòm travayè nan biwo vòt yo te site yon fason pou ede yo jwenn pi plis travayè biwo vòt pou kèk zòn.

Eta yo fè konnen itilizasyon rejis vòt elektwonik yo (oswa e-poll books) ogmante depi EAVS 2018 la, epi gen 17 eta ki itilize rejis vòt elektwonik yo nan tout jiridiksyon yo a. Eskanè ak aparèy ki la pou make bilten vòt yo (Ballot Marking Devices, BMD) toujou rete kòm pi bon kalite ekipman pou vote ke moun souvan itilize, epi itilizasyon

machin elektwonik ki fè anrejistreman dirèk (Direct-Recording Electronic, DRE) men ki pa t genyen yon papye anrejistreman ke elektè a ka verifye (Voter-Verified Paper Audit Trail, VVPAT) (DRE san VVPAT), toujou kontinye bese. Nan ane 2020 an, se sèlman 32 jiridiksyon atravè tout peyi a ki te konte sèlman sou machin vòt ki pa gen okenn papye ladan yo.

Konklizyon Ankèt Sou Règleman Administrasyon Eleksyon Yo

Nan lide pou bay yon bon sans ak done eta yo bay nan EAVS la, EAC kolekte enfòmasyon sou règleman elektoral nan eta yo. De tyè (2/3) nan eta yo rapòte ke yo genyen yon sistèm enskripsyon k ap diminye, ke yo mete sou yon sèl platfòm santral oswa yon òdinatè santral ki inik, ke eta a jere ansanm ak yon seri enfòmasyon jiridiksyon lokal yo bay, lòt tyè (1/3) eta ki rete a, fè konnen yo gen yon baz done k ap ogmante oubyen k ap monte desann. Pou kenbe lis enskripsyon elektè yo a yon fason ki egzat epi ki ajou, pifò eta yo fè konnen yo pataje enfòmasyon ak ajans veyikil a motè yo, antite nan gouvènman an ki kenbe dosye moun ki mouri (dosye lanmò), ak ajans ki kenbe dosye krim oswa prizon yo. Pousantaj eta k ap fè enskripsyon nan menm jou an (51.8%) epi ki tou fè enskripsyon sou entènèt la (80.4%) te ogmante depi lè Ankèt sou Règleman pou ane 2018 la te fèt la.

Epitou, Ankèt sou Règleman an te anrejistre yon ogmantasyon nan règleman eta yo, ki fè elektè yo ap ka vote yon fason ki pi an sekirite oswa diminye liy datant ki konn genyen yo ak foul moun ki konn genyen nan biwo vòt an pèsòn yo. Nan ane 2020, gen 14 eta antou ki rapòte ke yo te òganize eleksyon pa lapòs, tout elektè ki enskri yo oswa tout elektè aktif ki enskri yo, te otomatikman voye yon bilten vòt pa lapòs—10 nan eta sa yo te òganize eleksyon pa lapòs nan tout eta a, epoutan gen kat (4) eta ki te chwazi fè sa sèlman nan kèk jiridiksyon ke yo te seleksyone. Sa se te yon ogmantasyon nan Ankèt sou Règleman pou ane 2018 la, ki te jwenn genyen twa (3) eta ki te òganize eleksyon yo sèlman pa lapòs epi kat (4) eta te òganize eleksyon pa lapòs sèlman nan kèk jiridiksyon lokal ke yo te seleksyone. Anplis de sa, 69.6% nan eta yo pa t egzije elektè yo bay yon rezon ki valab pou yo kapab vote pa lapòs (gen sèt (7) eta ki te retire kondisyon rezon valab sa a depi Ankèt sou Règleman pou ane 2018 la), epi gen 51.8% nan eta yo ki fè konnen ke te genyen kèk sikonstans espesyal ki fè elektè yo te ka resevwa bilten vòt yo a pa mwayen elektwonik. Men, Ankèt sou Règleman an pa t kolekte enfòmasyon ki pèmèt moun konnen si chanjman ki fèt nan règleman an pou eleksyon jeneral 2020 yo, te pèmanan oswa te tanporè, oswa si chanjman yo te fèt nan lide pou reponn dirèkteman a pandemi COVID-19 la.

Prèske tout eta yo fè konnen yo dwe teste epi sètifye sistèm vòt yo anvan yo apwouve yo, avèk pi fò kondisyon ki genyen nan zafè sètifikasyon ke moun souvan jwenn yo, epi se yon laboratwa pou tès sistèm vòt (Voting System Test Laboratory, VSTL) ke EAC akredite, ki dwe fè tès sa a, fòk se yon sètifikasyon ki fèt dapre Gid Sistèm Vòt Volontè (Voluntary Voting System Guidelines, VVSG) EAC adopte a, ak sètifikasyon eta a epi setifikasyon gouvènman federal la. Nan ane 2020, pami 40 eta ki te fè konnen yo te sèvi ak rejis vòt elektwonik yo, 55% ladan yo te egzije tès ak sètifikasyon ki fèt dapre espesifikasyon eta a anvan yo chache genyen rejis vòt elektwonik yo.

Nan peryòd aprè eleksyon an, 78.6% nan eta yo fè konnen yo te mande yon verifikasyon kontay nan lide pou verifye ke ekipman vòt yo te itilize pou konte bilten vòt yo, te fonksyone byen. Pami eta sa yo, apeprè twa ka (3/4) nan yo te mande yon verifikasyon kontay tradisyonèl (ki egzamine yon echantyon bilten vòt ki sòti nan yon pousantaj fiks nan distri yo chwazi owaza oswa machin pou vote yo), epoutan, apeprè yon senkyèm (1/5) nan eta yo mande yon verifikasyon kontay, yon fason ki limite risk yo (ladan li yo itilize metòd estatistik yo, pou chwazi gwosè echantyon verifikasyon an). Tout eta yo fè konnen yo genyen yon mekanis ki la pou pèmèt yo rekonte vòt ki te fèt nan eleksyon an, malgre sikonstans pou yon rekontaj rive fèt, diferan nan chak eta.



Konklizyon Lwa Nasyonal Pou Enskri Elektè Yo (National Voter Registration Act, NVRA)

Done EAVS 2020 an montre pousantaj enskripsyon elektè ki aktif pou eleksyon jeneral 2020 an, se 88.2% nan CVAP a, ki reprezante yon ogmantasyon nan pousantaj pwen an ki se 3.5 depi EAVS 2016 la. Plis pase 103 milyon demann enskripsyon pou elektè yo te soumèt ant fen enskripsyon pou eleksyon jeneral 2018 la ak fen enskripsyon pou eleksyon jeneral 2020 an, ki reprezante yon ogmantasyon 33.8% nan kantite demann enskripsyon yo te resevwa nan peryòd ki mennen jouk nan eleksyon jeneral 2016 la. Pami demann enskripsyon yo te resevwa yo, rezilta ki pi komen an, se te yon mizajou pou dosye enskripsyon elektè ki te deja egziste a, epi ki pa t chanje adrès pou al rete nan yon lòt jiridiksyon. Kalite mizajou sa a te reprezante prèske mwatye nan demann enskripsyon yo te resevwa yo. Nouvo enskripsyon ak enskripsyon valab ki te lakoz yo kreye yon nouvo dosye enskripsyon pou elektè a, nan jiridiksyon ki reprezante prèske yon tyè (1/3) nan demann yo te resevwa yo.

Menm jan ak repetisyon EAVS yo, depatman veyikil a motè nan eta a, te reprezante pi gwo pati demann enskripsyon sa yo, ki se (39.3%). Dezyèm sous ki pi komen pou demann sa yo, se enskripsyon sou entènèt, ki reprezante 28.2% demann yo. Enskripsyon sou entènèt la te vin ranpòte kwasans ki pi rapid pami tout sous enskripsyon EAVS t ap swiv yo.

29 eta ak teritwa ki otorize enskripsyon elektè yo nan menm jou a (Same-Day Registration, SDR), fè konnen yo resevwa plis pase 1.6 milyon SDR pandan peryòd vòt pou eleksyon jeneral 2020 an, apeprè de (2) fwa kantite yo te resevwa pandan EAVS 2018 la. SDR la pèmèt moun enskri pou vote, nan menm jou yo dwe vote pou yon eleksyon. Nan tout peyi a, yo te resevwa plis SDR nan Jou Eleksyon an pase kantite yo te resevwa pandan vòt bonè a.

Daprè kondisyon NVRA yo, eta yo fè konnen yo voye plis pase 28 milyon avi konfimasyon epi yo fè konnen yo retire plis pase 18 milyon dosye enskripsyon ki nan lis elektoral yo a, ant fen enskripsyon pou eleksyon jeneral 2018 la ak fen enskripsyon pou eleksyon jeneral 2020 an. Rezon ki pi komen yo te site pou zafè retire dosye enskripsyon elektè yo, se akòz elektè sa yo pa t reponn avi konfimasyon an epi se akòz yo pa t vote pandan de (2) eleksyon jeneral federal ki fenk sot fèt yo, se akòz elektè sa yo te kite jiridiksyon yo te enskri ladan l pou yo te ka vote a, epi se akòz lanmò elektè a.

Konklizyon sou Lwa pou Vòt Militè ak Sitwayen Absan Ki Aletranje yo (The Uniformed and Overseas Citizens Absentee Voting Act, UOCAVA)

Eta yo fè konnen yo voye plis pase 1.2 milyon bilten vòt bay elektè UOCAVA yo—yon popilasyon ki gen ladan manm k ap bay sèvis an inifòm (militè) ki absan nan zòn pou yo vote yo, manm fanmi yo genyen ki kalifye, ak sitwayen ameriken k ap viv aletranje yo, ki resevwa pwoteksyon espesyal anba lwa federal UOCAVA a. Pami bilten vòt yo voye yo, elektè yo te voye tounen plis pase 900,000 epi gen prèske 890,000 ki te konte nan eleksyon an.

Pou kontinye ak yon tandans ki te kòmanse avèk EAVS 2016 la, nan ane 2020, sitwayen aletranje yo te konsidere kòm pi gwo kantite ki nan popilasyon UOCAVA a pase manm k ap bay sèvis an inifòm yo (militè) ak manm fanmi yo genyen ki kalifye. Nan ane 2020, sitwayen aletranje yo reprezante 57.4% pami elektè UOCAVA ki enskri yo, epi

manm k ap bay sèvis an inifòm yo (militè yo) te reprezante 42.3%. Gen twa (3) eta—California, Florida, ak Washington—ki te reprezante apeprè plis pase 40% pami elektè UOCAVA ki enskri nan tout peyi a.

Pami elektè k ap bay sèvis an inifòm yo, metòd ke yo itilize plis se metòd voye bilten yo pa lapòs la, dapre sa yo fè konnen (ki reprezante prèske mwatye nan bilten vòt yo voye bay elektè k ap bay sèvis an inifòm yo), epoutan sitwayen aletranje yo pi souvan resevwa bilten vòt yo a pa imèl (ki reprezante 70.9% bilten vòt yo voye bay sitwayen aletranje yo).

Yo fè konnen prèske 98% nan bilten vòt elektè UOCAVA yo te voye tounen yo, te konte nan eleksyon an, epi yo fè konnen yo te rejte plis pase 2% nan bilten vòt sa yo. Nan tout peyi a, yo fè konnen yo te resevwa plis pase 33,000 Bilten Vòt Federal pou Enskri Moun Ki Absan (Federal Write-In Absentee Ballots, FWAB). Elektè UOCAVA yo ka soumèt fòm sa a kòm yon bilten vòt dijans, si tout fwa responsab elektoral nan lokalite yo a pa t resevwa bilten vòt ofisyèl yo a atan, yon fason pou yo te ka gentan konte li. FWAB te pèmèt prèske 24,000 elektè UOCAVA wè ke yo konte vòt yo a nan eleksyon jeneral 2020 an.



Rapò Komisyon Asistans Elektoral nan Etazini an, se rezilta yon kontra pou kolekte epi analize done pou Ankèt sou Administrasyon Eleksyon ak Vòt Pou Ane 2020 an. Se Fors Marsh Group LLC, ki te fè kontra sa a, li se yon konpayi rechèch aplike ki baze nan Arlington, VA.

Pibliye Nan Mwa Out 2021
Komisyon Asistans Elektoral Nan Etazini
633 3rd Street NW, Suite 200
Washington, DC 20001
www.eac.gov